No. 14. 26 April 1929 Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:

1 taoen . . . . f 7,50 } njoewoen kabajar roemijin.

1/2 „ . . . . f 3,75 }

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

XAVERIUS - COLLEGE

MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN.

Imam priboemi — mBokbilih kagalih — Habiranda — Soenat lan perloe — Manah kapentjil — IJs stroop doesoen — Atoer panoewoen lan soekoer koela — Film Indonesia — Poenapa boten nama ngéwakéwakaken — Menggah pamanggihipoen Garèng bab pantalon lan rok — Roepak temen djagad poenika — K. W. Djokja — Verificatie R.W. — Krans Wanita — Saking Djokja — Tamoe loehoer — Moekdjidjat sadoewoering moekdjidjat — Ontjèn — Atoer oeninga — Panoentoening laré — Correspondentie.

TAMAN PAMOEDJA.

Adjining imam tijang siti, toemrap tanah woetah rahipoen pijambak.

Katarik ing gagasan, ingkang medal saking manah soetji, ngèngeti oesoelipoen sadèrèk F. Harjadi, ing oedyana ngriki, koela ndèrèk mangajoebagja saking katebihan latjoetipoen dateng Com. Priester-fonds. Atoer koela wonten ngriki poenika menawi kagem, kénging kanggé oelar-oelar lan pantjadan nggalih wigatosing rembag, sageda toemandjem lan roemesep ing sanoebari kita, ladjeng boten tjato-tjato, malah nganggepa anggadahi koewadjiban ingkang loehoer poenika, nggegesang oetawi nenoentoen raos, toemoedjoe koewadjiban loehoer, dateng sanak-sadèrèk, wah malih mitra kadang karo, loemèbèr dateng para poetra, djalaran pantji katah oetawi ageng aos ing imam tijang siti, toemrap tanah woetah rahipoen.

Tanda jektinipoen:

Ing Pradjangdjian lami, ingkang kénging dados imamipoen bangsa Jahoedi, namoeng toeroenipoen Levi.

Ing Pradjangdjian énggal, Goesti pribadi ngéwahi atoeran poenika, ndanganaken kanti sardjoening panggalih, ngangkat tijang kadadosaken imam. Margi saking poenika para Rasoel lan gegentosipoen i. p. para imam, boten adjrih ngangkat para tijang kapir ingkang mentas ngrasoek agami Christen kadadosaken imam. Kadosta: tijang saking Syrië, Klein-Azië, Italië, tanah pasisir Afrika sisih lèr.

Para imam, mbangoen lan nenoentoen sageda tijangipoen boemi pijambak, dados imam.

Gandèng malih kalijan lelajaran dateng Tanah Tjina, Djepang, India ngadjeng lan wingking, Amerika, Australie, doemoegi tanah salebetipoen Afrika kidoel, lan Tengah, para imam oegi ngoedi sagedipoen para tijang boemi dados imam; nanging katah sanget alangan lan kasisahan ingkang kedah dipoenperangi roemijin, sagedipoen kalampahan idam-idaman poenika, i. p. mergi katah kaotipoen tata-tjara Kilènan (Europeesche beschaving) kalijan adatipoen tijang ing ngrikoe.

Ingkang dados pambengan ageng i. p.

1e. Kekirangan jatra kanggé ngedegaken sekolahan tjalon imam, andjalari sakedik sanget wontenipoen.

2e. Margi saking kiranging kasagedanipoen para laré-laré priboemi, kanggé nggajoeh dradjat ingkang loehoer poenika.

3. Margi saking kiranging antep lan twadjoeh amedjahi oetawi njirep oebaling hawa-nepsoe toemraping daging.

Kawontenan ingkang mekaten poenika ngantos 3 abad laminipoen, dèrèng saged mangoen imam saking tijang siti, ingkang ngrasoek agami Christen. Mangka èstoenipoen imam tijang siti poenika perloe sanget oetawi ageng dajanipoen dateng tanah woetah rahipoen, katanda saking imam tijang boemi, temtoe langkoeng saged lan trampil anggènipoen ndeder widji kapitadosan, dateng bangsanipoen pijambak, tinimbang para imam ingkang dateng saking tanah mantja. Mila toemandoeking pedamelan i. p. moelang agami oetawi martobataken bangsanipoen pijambak langkoeng gampil, djalaran:

1e. Para imam priboemi sampoen saged basa, adat, wah malih tatatjara, djer poenika gadahanipoen pijambak.

2e. Para imam roemaos toenggil daging lan rah kalijan tijang siti; poenika dados tetangsoel kekah, andjalari langkoeng saged gamblang, kados-poendi tandang grajang moerih saja lebet roemasoekipoen woelangan agami.

3e. Para imam priboemi, boten soemelang kasingkiraken saking tanah woetah rahipoen, mbokbilih wonten ontran-ontraning alam, ingkang mangadjab késahipoen sanès bangsa, ingkang ngerèhaken, saking tanah ingkang kaerèhaken, ndjalari nalangsanipoen tijang-tijang ingkang katilar déning para imam manawi dèrèng gadah imam tijang boemi pijambak. É, wolak-waliking djaman, sinten ingkang mangertos, kedjawi namoeng Goesti ingkang ngoedanèni, namoeng kedah ngèngeti oengel-oengelan: „Sedija pajoeng sadoeroengé oedan."

Dados saja katah tjatjahing imam priboemi, saja saé toemandoeking damel. Ladjeng sami angèngetana: „Sadaja kadadosan temtoe mawi wragad."

Èstining manah, boten namoeng tata poesaraning pradja ingkang kedah kagajoeh déning tijang Kath. Djawi, dalasan indaking imam Djawi ingkang dados lantaran lestantoening lan pentjaring agami kita, inggih kedah kita oedi. Djalaran poenika oegi dados kabetahaning tanah-woetah rah kita. Lah sapoenika sinten ingkang koewadjiban mikir? Inggih kita, tijang Kath. Djawi sadaja! Pantes dados panggalihan.

Noewoen

J. O. J. Wardhana.

mBokbilih kagalih.

Kita Katholiek Djawi ngedalaken temboeng *Pastoor* lan *Rama* milih Rama. Poenapa ta sebabipoen?

Kita tansah nganggé temboeng^2 poenika mèh saben dinten marmabah-rambah, awit kita prasasat nganggep *Ba-pa* of *Raadgever*. Kawoeningana, bilih temboeng Pastoor poenika sanès temboeng Djawi, dados kanggé kita Kath. Dj. ngedalaken temboeng Pastoor, radi boten saged roemasoek, toemandjem ing manah. Sawatawis Kangmas-Kangmas toewin adimas-adimas oegi sampoen naté manoehaken nganggé temboeng *Rama* (sanadjan sadèrèk-sadèrèk waoe nganggé basa Welandi, éwadéné temboeng: Pastoos kagantos Rama), lo poenika raosing manah teka saged sreg, antjler, prasasat saged roemasoek ing baloeng soengsoem.

Sabab:

Rama poenika temboeng Djawi, krama inggil, tegesipoen bapak. Ingkang nganggé temboeng waoe ratjakipoen prijantoen loehoer; malah Kangdjeng Goesti Jésoes ngagem temboeng poenika, kados déné: Kangdjeng Rama ing Swarga, soe mangga angloehoeraken Asma Dalem enz. Kita rak boten badé sembahjang: Kangdjeng Pastoor *) ing Swarga enz. Sarana toelada kalih waoe para maos saged ambédakaken, bilih temboeng *Rama* langkoeng inggil tinimbang temboeng mantja: *Pastoor*. Wiwit Allah doemados saéngga nitahaken djagad saisinipoen, Iboe Kawa-Adam, doemoegi dinten poenika saweg wonten Rama (Pastoor) Djawi satoenggal ingkang mantjik ing tanah Djawi (Oegi sampoen wonten tiga, nanging sanèsipoen dèrèng ngadjawi). Ingkang makaten waoe kita Kath. Djawi kedah saged ngoemoekaken Rama (Pastoor) Djawi wiwitan i.p. Pandjenenganipoen: *Rama Satiman*; dados ing tanah Indonésia ngriki tetéla saweg prijantoen Djawi 3 ingkang kakersakaken déning Pangéran pinidji dados Rama (Pastoor) ing satanah Indonésia (Rama ingkang 2 taksih wonten ing nagari Welandi).

Sadèrèk Menado, Madoera, Soematrah, Bornéo, Bali, Lombok, Dajak, Ambon, Florès — poenapa sampoen wonten ingkang dados Rama (Pastoor)? **)

Sasoemerep lan samireng koela kados dèrèng wonten.

Mangga! mangga! sadèrèk! sami noetoeti sadèrèk Djawi ingkang sampoen dados toelada, djoemeneng Rama (Pastoor), soepados sadèrèk Indonésia sadaja saged njamboetdamel sesarengan ngoedi karohanèn lan djasmani.

Satrija Wétanan.

R. P. BRATA-AMISÉNA.

Singasari, 12 April 1929.

MOEDA POEROEHITA

Habiranda.

Ing pasinaon padalangan „Habiranda" nalika tanggal 15 April 1929 sonten, sadèrèk Blasius Hardjawardaja Goeroe Normaalschool Moentilan, angandaraken atoer panoewoenipoen dateng ngarsaning Empoe Habiranda, kadjenengan para tamoe miwah para siswa sadaja, déné para Empoe sampoen sami kersa andanakaken saliranipoen, perloe paring berkah lan andjangkoeng moeridipoen, ingkang saweg tjobi-tjobi angetjakaken kasagedanipoen, wonten ing dalemipoen sadèrèk Oetaja ing nglebet bètèng Djokja.

Kadjawi poenika sdr. Bl. Hardjawardaja ngatoeri woeninga, bilih namaning Habiranda sampoen lelédang wonten ing patamanan „Oedaja, Bahagia, toewin sanèsipoen," adamel gambiraning para maos, déné kagoenan Djawi boten badé kasilep, tansah kaoedi kados samestinipoen. Langkoeng-langkoeng adamel agenging manahipoen bangsa kita, déné siswa Habiranda ingkang saweg tjètjrèkan sampoen kapitongtonaken ingakatah, mangka inggih sampoen damel marem.

Wondéné prakawis tjatjad-tjatjading pangringgit sdr. Hardjawardaja matoer, moegi Empoening Habiranda kersa maringi priksa sawèntèhipoen, perloe minangka pènget tembé wingking.

Wasana kasambet atoeripoen sadèrèk L.J. Adipidjana ingkang atas namanipoen Comm. Paskahan, angatoeraken geng-sèwoe panoewoenipoen dateng ngarsanipoen gegémbonging Habiranda, déné sampoen kersa anglabetaken saliranipoen minangka regenging pahargjan Comm. Paskahan; poenapa malih sampoen kirang ing pamengkoe ing prakawis samoedajanipoen.

R. M. Djajadipoera profèsoring Habiranda paring pangandika ± kados ngandap poenika:

„Koela sakantja para pemoelang, sampoen nampi atoer panoewoenipoen sadèrèk kakalih Bl. Hardjawardaja toewin L. J. Adipidjana, lan koela inggih gentos matoer noewoen.

Saking wawasan koela, rèhné para siswa ngadjeng-adjeng bab verslag ringgitan nalika wonten ing dalemipoen sadèrèk Oetaja, koela badé ngandaraken sawontenipoen. Bab pangringgiting sadèrèk Bl. Hardjawardaja kala samanten sampoen katingal saé, sampoen amaremaken, déné siswa saweg klas kalih énggal-énggalan sampoen saged kados makaten. Wah malih manawi ngèngeti bilih pasinaonipoen dèrèng djangkep kalih taoen, saja saged damel srek poen marem waoe.

Wondéné prakawis tjatjad tamtoe kémawon taksih wonten, nanging manawi mriksani saénipoen, tjatjad waoe saged katoetoepan, saéngga namoeng katingal remengremeng.

Wewatoning bab ngringgit poenika kedah ngenggèni tigang prakawis: wani, jitna, tata.

Wani liripoen sampoen was, sampoen samar, sampoen kagoengan penggalih alit, dados kadjagia pijambak, samangsa sampoen wonten ing ngandaping blèntjong sageda angagengaken penggalih, sampoen ngantos nolèh ngiwa nengen, ingkang amratjihnani adjrih ing penonton oetawi malih kirang paham poenapa-poenapa ingkang badé katindakaken. Nolah-nolèhing dalang poenika ateges oegi: ngrèwès oetawi njambeti rembag saking penonton, bab poenika boten kénging babar pisan. Dalang poenika kedah ngenggèni watek moeta-toeli kasaripoen mboedeg mitjek, boten soesah mirengaken panjéda, pangalem, panggroendel oetawi pamawasing sanès, poenapa malih boten kénging anjemoni salebeting kawontenan ngrikoe. Jitna saking tjekakan: prajitna, liripoen kedah angatos-atos ing samoedajanipoen, boten kénging mlèntjèng saking watoning pedalangan, pramila inggih kedah sampoen mékani sadajaning pakèwed. Tata anggadahi kadjeng amengkoe samoedajaning kasoesilan, ngarah ingkang djoedjoer, saé toer leres; pramila poen dalang kedah anggadahi watek pandita, liripoen sadaja ingkang katindakaken minangka paloepining ngakatah ngarah karahardjan inggih ing lahir, inggih ing batosipoen.

Boten langkoeng pamoedji koela, moegi-moegi para siswa sadaja sageda nggajoeh idam-idamaning Habiranda, andjoendjoeng deladjad kita sarana oelah ilmoe pedalangan. Sampoen semanten atoer koela."

Saking pamanggih koela pijambak, mila inggih leres, dalang poenika dédé pangkat baèn-baèn. Nitik tata lahir dalang kedah saged: soeloek, tjrita, sabetan toewin gending. Soeloek poenika gandèng kalijan kawroeh tembang, saja katah pangertosipoen bab tembang saja oetami. Tjrita gandèng kalijan tata basa, inggih kawroeh Djawi ingkang kedah kita oedi, oepami: ngoko, krama, krama-inggil, antija basa, basa antija, kratonan, kawi toewin sanèsipoen; awit satoenggal-toenggaling basa waoe boten kénging worsoeh panganggénipoen, oepami: Goeroe imbal pangandikan kalijan Noerada, boten kénging nganggé basa kratonan, kedah nganggé basa kadéwan i. p. kawi.

Sapoenika Garèng badé rembagan kalijan Pétroek, boten perloe nganggé basa kawi, namoeng tjekap nganggé ngoko limrah; makaten saladjengipoen. Sabetan poenika gandèng kalijan beksa, oetawi oelah raga. Samangsa saged oelah raga, kagandènga kalijan konto oetawi besilat, tertamtoe inggih badé katah menangipoen, manawi wonten babaja andatengi. Pramila sabetan poenika ngénta lampahing tijang perang, oepami: noebroek, inda, ndoegang, nempiling, djoendjoengdjinoendjoeng, toewin sanèsipoen. Gending poenika gandèng kalijan beksa oegi kalijan tembang. Samangsa saged tembang inggih kepéngin ngoedi gending, samangsa sampoen saged gending ladjeng inggih kepéngin saged beksa, awit sampoen mangertos dawahing ketoek, kenong toewin gong, poenika soekoe kedah mekaten, tangan kedah mekaten, sirah kedah kagèdègaken, toewin sanèsipoen.

Ing ngriki koela namoeng ngoedar sawatawis kawroeh pedalangan, déné wonten lepatipoen njoewoen pangapoenten. (Awon-awon koela oegi siswa Habiranda, nanging dèrèng patos dangoe, dados inggih taksih bodo sanget).

Ingkang koela tjotjogi poenika, déné dalang poenika enggèn kawroeh boten kètang panasaran; sapoenika oepami pedalangan kabesoet kamoernèkaken menggahing isi lan soeraos, kadoegi pedalangan saged dados sarananing medaraken kanjatahan sedjati, namoeng moerih pentjaring pangandika Dalem G. Allah.

Mertagati.

Soenat preloe.

Ki Padmasoesastra ngendika: „Kang diarani panggawé „Soenat lan preloe", panganggoning manoengsa akèh sing keliroe! . . . . Loemrahé kaboetoehan sadina-dina diarani: „Soenat"! Wong doewé gawé diarani preloe! Moelané akèh kang toemiba sangsara, saka keliroening panganggoné maoe. Saoepama winalik: „Kang aran preloe, mangan sadinané, kang aran soenat: „wong doewé gawé sapapadané, amesti ora gampang toemiba ing sangsara! Wosing-oewos: Marsitani singa ingkang gadah antjas, kedah waspaos dateng bab ingkang preloe pijambak, prajogi kagatosna langkoeng roemijin!

* *

Oepami wawarah waoe katoemrapaken djaman kemadjengan kados inggih dèrèng nama: „Wajoe!" Mila pangadjab koela dateng para panoentoening oemat Indonesijah, langkoeng-langkoeng tradjang kita oemat Kath: Indonesijah, kersaa ngagem lambaran wewarahipoen ki Padmasoesastra ngadjeng. Makaten oegi karsaa nengenaken dateng sekar tepoes, awit sinten ingkang karem dateng sekar waoe, saged ngganda kasaénan, dangoedangoe badé angsal kabegdjan.

Mila koela (B) sanget moepakat dateng P. P. K. D. ingkang tradjangipoen saklangkoeng ngatos-atos dateng tandjaning prakawis „Soenat preloe:" sanadijanta, wongsal-wangsoel katradjang praharaning panjéda oetawi panjakra-bawa ingkang dédé!

⁂

Makaten oegi pangadjeng-adjeng koela dateng ingkang sami mangarah kamardikaning Indonésijah, moegimoegi kersaa ngagem poesaka sabdanipoen ki Padmasoesastra kasoemboeng. Awit manawi boten dangan ngagem pangawasan ingkang laras, koela gadah soemelang bok-bok ing tembé wingking, wohipoen boten saged ngetrepi pasambating sadèrèk katah ingkang, swantenipoen ngebaki Swasana Indonesijah: „Amoeng sidji kang doeroeng nglakoni, moektining ngaoerip, paran marganipoen!

Bajoewara.

VARIA.

Roemaos kapentjil.

Mangga sadèrèk, koela atoeri mbikaki Sw. T. ingkang sampoen-sampoen ing bagéjan advertentie! Poenapa katah para prijantoen ingkang sami kersa paring kabar kaperloeanipoen, oepami: pepoetra, krama lan sesaminipoen? Kados kémawon boten patosa katah. Saja malih toemrap prijantoen ingkang ngabaraken bab kapindahanipoen; kénging dipoenwastani boten wonten babar pisan. É, mbok inggih dipoenperlokaken ta prijantoen, paring adrès énggal wonten ing Sw. T. Tinimbang moendoet kertoe pindahan katah-katah, namoeng ngindakipoen pamedalipoen post kémawon. Namoeng kémawon asma alit sampoen kesoepèn; awit asma sepoeh katah ingkang sami.

Menggah goenanipoen wonten warni kalih. Sapisan: Pitepangan pandjenengan boten badé kètjalan lari; tansah roemaketipoen, djer saged kala-kala kabar-kinabaran. Kaping kalihipoen: Njoembang njoeroeng koran kita pijambak.

Inggih kanggénipoen sadèrèk ingkang dedalem ing kita ingkang katah kadangipoen Kath., kados déné ing Jodja; mesti boten mbetahaken kalijan adrèsipoen tepangan ingkang tebih-tebih; tijang tepangan ingkang tjelak-tjelak boten kirang. Balik kanggé sadèrèk ingkang tebih lèr tebih kidoel; sakiwa-tengenipoen boten wonten kadang Kath., kadospoendi? Poenapa boten mesakaken manawi wonten sadèrèk ingkang kapentjil (kados ingkang njerat) kerep nampèni wangsoelipoen serat ingkang namoeng atjiri „Onbekend"?

Namoeng samanten kémawon.

T. T.

POERWODADI.

---

*) Ing ngriki temboeng „Rama lan Pastoor" boten kénging badé kaidjol-idjolaken, teges ingkang boten poeroen Rama = Bapa, Pastoer = Pangèn. RED.

**) Dipoenentosi sawatawis wekdal. Boten-botenipoen sami poeroen kantoen! RED.

IJs-stroop wedalan doesoen.

Koela sadaja manoengsa poenika, manoet kitab, tedak-toeroenipoen swargi Bapa ADAM lan Iboe Siti CHAWA. Dados sadaja bangsa poenika inggih sadèrèk kita, grad saking swargi Éjang sarimbit waoe.

Nanging toeroenipoen genah sapoenika dèrèng manoenggil dados sakandang. (Kandang ingriki tegesipoen: boten kados kandang lemboe, maésa sapanoenggilanipoen). P.C.

Ingkang toenggil kandang, nadyan kawontenanipoen mentjar-mentjar, inggih poenika saweg kita kaoem R.C.

Dados sampoen wadjib kita nama sadèrèk, jèn wonten salah-satoenggiling sadèrèk badé anggiwar kénging mala, (dédé mala bangsaning goedig, borok, enz. P.C.) tjawé-tjawé, njaroewé ngélikaken lan sapanoenggilanipoen.

Jèn satoenggiling sadèrèk sakit, sinten malih manawi boten sadèrèkipoen ingkang ndjampèni, tijang sanés poenika rak dèrèng kantenan. Manawi ichtijar sampoen boten mandi la poenika saweg.

Mandar laré alit poenika, (djaman roemijin, pangapoenten sapoenika) manawi dipoendjamoni oetawi kapoerih ngombé djamoe boten poeroen, ladjeng dipoenontèl, dados nama pineksa.

Mila para sadèrèk! rèhning sasrawoengan kita asrana Sw. Tm., (dateng kandang ingkang boten toenggil kaoen pagoeron) sampoen oewas adjrih dipoenwastani sok njekoki sadoeloeré déwé, noenten moendoer.

Jèn pantes dipoentjekoki oetawi dipoendjamoni tjabé-lempoejang oet. malih djamoe bagolan inggih kedah dipoentandangi temenan.

Sesakit oetawi mamala jèn boten srana dipoendjampèni mesti boten saged mantoen, sageda inggih lami. Makaten oegi mamala oetawi sasakiting roh (soekma) kedah dipoendjampèni ingkang dados djodonipoen.

Pamanggih koela, Sw. Tm. mila loegoe kanggé kita, dados nadyan isi tjekok, inggih tjekok toemrap kita ingkang lepat.

Déné kadang kita ingkang kénging tjekok. ladjeng saged mantoen, la poenika soekoer bagé sèwoe. Awit pantjèn kita ngadjeng-adjeng lan sami ngangkah sageda kadang kita sami waras-wiris, bongkèngen kémawon sampoen ngantos, milanipoen ladjeng ada-ada ngwontenaken P.K.W. lan sanès-sanèsipoen panoenggilanipoen poenika.

Déné, jèn boten mandi tjekokipoen, medal sadajaning ichtijar, inggih sampoen begdjanipoen, pantjèn nijat mblasar! Nanging koela bedèk, jèn poen lepat waoe ndlaroeng, kladjeng pambloenatipoen, mesti kapotjot saking P. S. gegandoelan kita.

Wondéné jèn mandi tjekokipoen angsal pangalembana donja achirat, katrimah.

Mangké rak ladjeng kalair (ing batin) wonten temboeng: „Ah, ora kaja-kajaa, sadoeloerkoe lanang (wadon) si X bisa nambani lan marèkaké injong, adja-adjaa, ta adja, sida kebandjoer-bandjoer olèhkoe mbedjoedjag, ora woeroeng ketjemploeng nraka djahanam, dadi ketiplaké si éblis laknatoellah sing gawéné ngreridoe manoengsa.

Mila sampoen klintoe tampi sadèrèk! Tijang remen boten kirang pangalem, tijang geting, sengit spn. boten kirang panatjad, pamada, oet. panatjad poenika sok terkadang malah dados djampi saé. Pangalem boten mesti, sok dados djamoer wisa mandi.

Sapisan malih lan tandoek saéntong engkas wewah sasripitan, dados kita kedah awas, moelat, katja praksana kabikaka lens-ipoen ingkang ageng oetawi wijar kados model Bosscha. Sampoen, samanten kémawon kados sampoen tjekap kanggé ngoedari panggalih."

Poetra kaplesit P. R. B. C. S.
ing SAKB. 31 Maart. 1929.

Atoer panoewoen lan soekoer koela.

Koela poenika tijang barès inggih pasadja, nijat koela namoeng wawaton niroe sing betjik, ngemohi sing ala mekaten poenika pangngoengkih koela soepados doemoegi djatining katresnan, noewoen inggih tresna ing Bendara kita Goesti Allah ingkang Maha-koewasa, ngoengkoel-(ana samoekawis ingkang katingal lan boten katingal, kaping kalih tresna dateng sesamining doemados ingkang asoekma) kados dateng badan koela pijambak.

Piwoelanging Sang Maha-Njata dateng koela poenika namoeng sarwa njata-njata, lan njatanipoen inggih sampoen koela tindakaken, wawaton sagadoeg koela, sakadoegèn koela (soekma lan raga) wosing atoer sadaja namoeng badé ngegongi alias papados leres ingkang tjoendoek karsaning Goesti kados waloejanipoen sadèrèk ingkang koela wanoehi P. D. ingkang pepoetjoek dakik-dakik nanging boten njata.

Sad. P. D. koela anggep sadoe ing panggalih prakawis pandoeginipoen dateng koela anak Seranie, boten nganggé nilar tata-krama, koela kakinten toemoet ngemboen ngèlmoe raos oet. njampoer R. K. lan ngèlmoe raos, dados kados njonjah .... (ik bèn Christen en Theosoof tegelijk). Adoeh ndadak bandjoer paring panglipoer barang, ambak-ambak ora nggrendjel, O, sadèrèk pangandika pandjenengan tetep temboeng sirna sareng lan angin inggih swasana ing ngadyèng kita poenika, tjekakipoen koela boten betah sanget-sanget panglipoer djengandika.

Mila kasinggihan pangandikanipoen, golonganipoen ngèlmoe raos ngengèl-engèl samoekawis ingkang pantjènipoen gampil dipoen-ngretosi, koela inggih sampoen boten kirang koepija, djer srawoengan koela wonten Solo inggih golongan poenika, oepaminipoen kémawon koela atoeraken: Ing boekoe djalma soejatna (ngèlmoe raos lan Islam M.S.), ing ngrikoe wonten ingkang nerangaken sangkan paraning manoengsa, ing poerwaka dipoenseboetaken bilih soekmaning manoengsa makaten badénipoen (bakalé) saking boten wonten poenapa-poenapa, (van niets), ing wingking ngrèndèl, djeboel saking pletikaning Pangéran, dados Goesti Allah poenika mitoeroet serat bisa gempal lan gempil. *Hik-hik.*

Katjekak samanten kémawon. Soepados sadèrèk koela sepoeh P. D. sakétja ing panggalih, lan jèn wonten sardjananing kapti sageda itjal, kalilana koela tja-blaka prasadja salaras atoer koela ing nginggil: Koela, Sr., poenika boten wanoeh kalijan ngèlmoe raos, boten nedya wah boten kepéngin wanoeh, djer koela Katholiek, poetraning Iboe Pasamoean Soetji.

M. SRANIE.

KOEROE SÉTRA.

Film Indonesia.

Sambetipoen Sw. T. no. 13.

Trompèting pers-pers petak lan pers-pers sandjawining Noesantara, ingsemoe sami ngoewatosaken ébah-ébahan Nationaal ing tn. India; jèn kirang begdjanipoen temtoe gampil sanget klebetan opium-alkolooid Rusland alijas communisme; langkoeng² tn. Djawi; saja jèn ngèngeti katahing djiwa tn. Djawi ndjalari rekaosing ngoepados pangoepadjiwa. Poenika ambak-ambak njata sanget, pantjèn makaten. Leres Nationalist lan communist poenapa déné Socialist poenika pantjènipoen kedah songkolan, kedah ngalèr ngidoel; nanging kanggéning tn. Kolonie pantjèn gampil sanget memitranipoen, gampil sanget tjampoeripoen. Saiba ta goemoen koela, goemoen ngemoe sisah lan welas sanget, welas dateng bangsa lan tn. woetah rah kita, sareng maos verslag vergadering P.I. ing Den Haag, ingkang dipoenpangarsani sadèrèk Moh. Hatta ingkang ngaken Nationalist lan tjalon leider, ingkang gadah idam-idaman ndjoendjoeng dradjading bangsa lan tn. woetah rahipoen; djeboel kelebetan wisa saking ndjawi ajem kémawon. Wakil communist, socialist dipoentampi kanti remening manah; é boten ding, malah dipoensoeroehi. Adoeh bijoeng-bijoeng; malahan sadjakipoen kaoem communist lsp. kawedal sagah ambantoe sad. Nationalist kanggé kaperloeaning Indonésia. Hara, mbantoe poenapa? Kados-poendi penampinipoen kadang kita waoe; kita wadjib ngatos-atos lan prajitna sajektos. Kadang R.K. tjantjoet looo!!

Nationalist, hem. Nationalist lamis, ndjawi, lair, dèrèng teroes ing manah, èstoe dèrèng padja-padja lan Nationalist ingkang tjotjog lan temboengipoen sajektos. Solo poenika klebet poesering ébah-ébahan.... list waoe; ning kok... hem. Sanak sadoeloeré kebandjiran ..... kok MALAH PLESIRAN...., MATJAK NÈT-NÈTAN..., MANDOLINAN.... toeroet prahoe. (katah sad. ingkang ...... waaah ngaken NATIONALIST) boetoehé déwé....! memelas!! Ajo ..... ta kaprijé? Adoeh...!! Taksih katah toenggilipoen.

Bedrijf sanèsipoen béndjing malih.

Noewoen
HERCULES.

Poenapa boten nama ngéwak-éwakaken?

Oepami wonten sadèrèk Katholiek ingkang sami njerat wonten ing serat kabar sanès-Katholiek poenika prajogi poenapa boten? Wah prajogi sanget! Éwasemanten jèn koela inggih mawi-mawi, boten sedaja ladjeng saé lan prajogi. Milanipoen ing sadèrèngipoen kedah kapenggalih roemijin ingkang pandjang. Sampoen pisan-pisan namoeng noeroeti hardaning panggalih, soepé dateng doegi prajogi. Awit koela mentas mranggoeli pijambak, ingkang saking pamanggih koela, pantes koela saroewé.

Inggih poenika:

Ing serat djanget angka 10 wedalan 7 Maart 1929 wonten oréhan ingkang atetenger **djaman P.** sinerat prijantoen Katholiek ing Semarang tinandan:

[illegible]

[illegible] 1-2-'29. [illegible]

Mitoeroet poenika para maos Djanget tamtoe saged mastani jèn ingkang njerat poenika oegi tijang Katholiek.

Sapoenika kados-poendi wosing oréjan kasebat? Prekawis poenika boten badé koela wangsoeli ingkang métok oetawi tjekdel, namoeng badé koela anggé tjangkriman, sinten ingkang lantip oegi saged ambatang. Sapoenika mangga para sadèrèk Katholiek ingkang ngebon Sw. Tama koela atoeri mbatang tjangkriman waoe! Soepados saged mbatang, koela atoeri ngemataken saèstoe, soekoer manawi kagoengan djanget no. 10 taoen II kadjèdjèrna kalijan Sw. Tama no. 7 tanggal 22 Februari 1929 lembaran kalih lan lembaran I sakedik koela atoeri mriksani ribrik Koeroe sétra. Sampoen....? Jak mangké gèk Mas Pramila boten kagoengan djanget, éman poenika!? Inggih sampoen, koela atoeri ngasta Sw. T. kémawon koela waosaken djangetipoen. Jèn koela ngaten sampoen wongsal-wangsoel anggèn koela manding. Sampoen...? Sampoen saèstoe...? Sapoenika koela wiwit!! Nanging sadèrèngipoen wiwit, koela atoeri manding titi mangsanipoen: Ing djanget katiti mangsan Semarang 1—2—'29. Sw. T.? Boten wonten. Nanging poenika Sw. T. kala 22-2-'29. Namoeng noenggil woelan. Inggih sampoen boten dados poenapa. Sapoenika troes wiwit saèstoe:

Djaman P. Poenika djanget lo, pendjenengan Sw. T. poen sémak ingkang saèstoe lo!! Tjotjog! Tjotjog! Teroes: *Jèn mirid wawasanipoen sadèrèk Pramila ing Swara Tama no. 1+2.... mendem P. Tjotjog??? Tjotjog!*

P. G. H. B. dipoenwastani koepat... Wé lha... pedes. Sami??? Kaot sakedik ing rikoe dus, sareng ing Sw. T. ngriki dados. Njela sakedik! temboengipoen sambel gorèng panjeratipoen ing Sw. T. ngrikoe kados-poendi? Jèn ing djanget dipoenkandelaken, semanten oegi tem-

I. Moekdjidjat sandoewoering moekdjidjat.

(Wonder boven wonder!)

Sw. T. No. 13 damel gèdèg lan gèdèg koela! Ngoedoe billahi minal ora karoe-karoehan! Ki Loerah njoewoen priksa seblangipoen: kados-poendi déné orèhan koela pérangan I, ingkang akepala „Correspondentie" dipoenpapanaken ing Corresp.-nipoen Sw. T.?? Mangka karangan kalih waoe dlantjang inggih kalih, senadjan mawi koela tèmplèkaken ka-elim dados setoenggal! Mindah panggalihé Kangmas Bajoewara lan Ki Raka Mérah!! oetawi pandjenengan pribadi, Ki loerah! Poenika ta menawi Redactie boten ngadep drukkerij!! *)

II. Openbaar Onderwijs.

(Zie Sw. T. No. 13).

Ing parepatan N.I.O.G., 9 Apr. ing Roemah Sétan, Malioboro Dk., tw. Van de Wel lan tw. Roorda medar-sabda bab Onderwijs. Orèhanipoen tw. kalih waoe koran Djawi ngemot oegi verslag-ipoen. Rèhné orèhan waoe nggepok, malah nggrajang pamoelangan sadjinis pamoelanganipoen Missie (confessioneel onderwijs, i.p. pamoelangan kawengkoe ing agami oetawi kapitadosan), mila sampoen wadjib kita, nanggapi panggrajang waoe. Pamedar sabda kadoegi boten badé maos panoengkarta poenika; maosa inggih boten badé anggapé, anggapéja inggih boten badé ngéwahi; nanging pamaos Sw. T. ingkang oegi maos verslag ing koran sanès waoe sageda nimbang, menawi dangan.

Verslag ingkang koela toeroet verslag Mataram 10 Apr., rubriek „Vorstenlandsch Nieuws". Ingkang koela tanggapi namoeng tw. V. d. W., verslag koela djawèkaken soeraosipoen; angka lan tanda pamrintjining prakawis saking koela, Pramila.

Alinea 5. Sawenèhing Openbaar Onderwijs (O.O.) ikoe doedoe apa kang ora dilakoni déning goeroe, nanging apa kang ditindakaké.

Pramila. Lha poenapa ingkang katindakaken déning goeroe O.O.? èn goeroe sa-tw. V.d.W. mbokmenawi propaganda amrih soeda lan itjaling kapitadosan, kapitadosan dateng Goesti Allah! Jèn jektos makaten, dados mengsah kalijan tijang ngriki, lan actie kados makaten pantes jèn actie tjap roemah sétan. Sadèrèk, poenapa pandjenengan boten kagoengan Mussolini?

Al. 6. Pangerèh dawoeh: O. O. koedoe njingkiri samoebarang kang bisa natoni atining (godsdientige gevoelens) wong-wong kang ora toenggal kaantepan (andersdenkenden).

Pr. Pantjèn makaten. Nanging O. O. badé natoni sadéngah tijang agami, menawi wonten ing pamoelangan ngrikoe G. A. kaanggep boten wonten oetawi kakiwakaken.

Al. 7. Confessioneel Onderwijs (C. O.) ora nganggo koma-koma (restrictie) kaja mengkono itoe.

Pr. Amit sèwoe, pamaos, tw. poenika gorooh! Rèhné wonten ing verslag, tw. V. d. W. boten ketingal njoekani tanda jekti,* anggèn koela nggorohaken inggih boten koela soekani sebabipoen.

Al. 8. Éwasemono prabawané (invloed) C.O. marang botjah mbilahèni, moenggoehing pangertiné marang wong-lija-kaantepan.

Pr. Tijang ingkang woeta, angèl anggènipoen badé andoegi poenapa ingkang sekétja lan boten dateng mripat ingkang soemerep. Makaten oegi tijang ingkang gadah kapitadosan oetawi agami, langkoeng gampil pandoeginipoen poenapa ingkang njerikaken tijang sanès agami tinimbang ingkang boten agami.

Al. 9. Tw. V. d. W. minangka paseksèn mendet boekoe-boekoe pamoelangan (Protestant Pr.) ingkang isinipoen saged midjèni sengit dateng tijang Katholiek.

Pr. Prajoga pangritiek dateng boekoe ingkang midjèni sengit poenika.

Nanging sampoen kesoepèn, bilih Protestant, Katholiek, Islam bab kapitadosan dateng setoenggal waoe sami. Dados ingkang sampoen kénging kanggé alasaning manoenggal, sampoen kok ladjeng badé dipoenitjali.

Mangké saja ketawis lho anggèn pendjenengan kedoewoeng!

Al. 10. Tw. V. d. W. Madosi sebabipoen ingkang ndjalari tijang sepoeh sami njinaokaken anakipoen dateng C. O. Sebab a) soepados laré boten medal saking kalanganipoen pijambak. Poenika manoet tw. V. d. W. ndjalari laré dadosipoen tijang, poenapa-poenapa ladjeng namoeng saking sasisih soemerepipoen (eenzijdige conseqentie's).

Pr.: Boem! sami kémawon; jèn laré namoeng kanétralaken tok. Kalijan malih: anggepipoen tw. W. kémawon poenapa, déné badé njahak wewenanging tijang sepoeh?

Al. 11. Sebab b) jaikoe marga wong kapeksa déning pradjangdjianing babtis (doopbelofte), kang pada dienggo-piranti-meksa déning parapropagandist-C. O. Nanging kang kaja mengkono ikoe manoet enggoné njoerasa wong lija, ora bisa mintjok, sebab pradjangdjian babtis woes ana sadoeroengé ana wong ngremboeg C. O.

Pr.: Pilosopi taoen 0 (noel)!! Margi doopbelofte, sanadjan boten katjetakaken, sampoen (implicite) ngawisi sadaja ingkang tjengkah kalijan kapitadosan. Saminipoen: njawat mawi bom, oetawi nganggèkaken gas-wisa, poenika poenapa nalika angger 10 kaparingaken sampoen wonten? Éwadéné pakarti ingkang kados makaten sampoen kaawisan déning angger-angger 10!!

Al. 12. Sebab poengkasan: a) marga wong pada soemelang menawa O. O. ora bisa moedjoedi kang pada dadi pendjaloeké;

b) nanging baé C. O. hija ora bisa tanggoeng.

c) djenengé pamoelangan dadi soelaja karo njatané.

Pr.: a) Dasar makaten. b) Katrangan?? c) Poenapa saimba pamoelangan ingkang nama nétral, nanging goeroenipoen sami propaganda abrit poenika??

Al. 13 .....

Al. 14. C. O. babajané kang gedé déwé enggoné metjahaké bonga.

Pr.: Inggih kok! Oepami sedjagad sampoen kados Roeslan sedaja, mindah . . . rahajoené!

É, poenika menawi gesang satjaraning-sanès-tijang kénging kawastanan rahajoe.

Al. 15 C. O. kawastanan pirantining politiek déning tw. V. d. W., jang moelja.

Pr.: Sangsaja O. O! (A fortiori O. O.)!

Margi wangsoelan nginggil poenika kados boten sah maprali conclusienipoen tw. kinoermatan V. d. W.

PRAMILA.

---

*) Koela atoeri mriksani katrangan saking sadèrèk Corrector. RED.

PANOENTOENING LARÉ.

Sambetipoen Swara-Tama No. 13.

katingal tjeta kémawon, wohing sadaja pamredi, wohing panggoela-wentah, wasana ingkang sami soemerep badé njatet wonten ing salebeting batos: „Botjah kaé olèh toentoenan betjik."

Ngoedja laré awit saking roemaos tresna poenika boten saé, kapara njoemelangi. Déné ingkang nglilani oetawi gadah panginten bilih boten barang-barang, manawi anak radi kirang tata-kramanipoen dateng tijang sepoeh, poenika klintoe sanget. Ingkang makaten waoe tijang sepoeh soepé dateng kedadosanipoen. Tindak deksoera poenika toemoesipoen dateng wataking laré boten saé sanget. Sadaja lampah ingkang nilar tata-krama, toemindakipoen ingkang temtoe kirang ngenggèni doegi lan prajogi, kirang pikantoek oepami katjotjogaken kalijan lampahipoen ndasari watak saé. Manawi èstoe nggatosaken dateng tegesipoen nggoela-wentah, boten kénging nglilani anakipoen kirang patrap dateng tijang sepoeh, lan kedah tansah ngangen-angen manawi dados panoentoen, sarta dados pangageng. Sampoen ngantos keladjeng-ladjeng, kedah noenten kaperanganа, panganggeping laré njamèkaken tijang sepoeh kalijnan laré kados kantjanipoen. Awit ingkang makaten waoe saged ngitjalaken tata ingkang saé. Déné laré ingkang angsal didikan saé, boten badé nganggep awrat oetawi angèl, taklim dateng tijang sepoeh. Djalaran tansah kapredi lampah-lampahing tata-krama waoe ladjeng dados koelina. Ingkang poenika, sadaja ingkang kelahir boten sanès inggih poenapa ingkang kinandoet ing salebeting manah, ingkang dados batosipoen. Sapoenika kantoen nantoen badanipoen pijambak, kados-poendi rékanipoen tijang sepoeh anggènipoen badé njranani ndandosi lampahing laré ingkang klèntoe. Sadaja ingkang ngoedi dateng kawiloedjenganing laré, sarta ngretos kados-poendi badé kedadosanipoen manawi wewenangipoen dipoenrèmèhaken, temtoe badé tansah ngatos-atos soepados apesipoen wewenang waoe adjeg, agengipoen saja wewah-wewah, awit poenika namoeng toemandja dateng kawiloedjenganing laré, nggampilaken angsaling toedjoenipoen panggoela-wentah. Goeroe ingkang ngretos bab poenika, temtoe tansah ndjagi, soepados laré boten itjal roemaosipoen dipoentoentoen, roemaosipoen dados andahan, tindak tandoek sarta ginemipoen tansah ngatos-atos, sarta boten nilar doegi lan prajogi. Goeroe boten kénging kèndel kémawon manawi moeridipoen wonten ingkang deksoera kirang taklim. Andjawi saking poenika, goeroe kedah ngèmoeti, sampoen ngantos pandjagining wewenang waoe ladjeng dados kereng, oelatipoen mbesengoet, awit ingkang makaten waoe boten roentoet kalijan rembag ing ngadjeng, ingkang nerangaken boten saged mendet manahing laré. Tindakipoen goeroe boten kénging kados djaga-wèsti, singa-nagara, oetawi kosok-wangsoelipoen boten kénging kesangeten anggènipoen saé, liripoen tansah nglegani manahipoen laré. Lampahing tijang nggoela-wentah saèstoe angèl, kedah ngatos-atos moerih boten klèntoe ing tindak, kedah angon mangsa, moelat ing pamirsa, saged ngangkah ingkang prajogi, mendet ingkang madya, boten kereng sanget lan oegi boten lembèk.

BAB IX.

Kapitajan.

Kanggénipoen para sadèrèk tamtoe sampoen terang, manawi kapitajan poenika ageng dajanipoen. Ingkang poenika sadaja ingkang sami nggoela-wentah wadjib sami gadah kapitajan. ngGarap pandamelan poenika manawi sampoen dipoendjibaken saénipoen, lan linampahan kanti pangatos-atos, temtoe boten katah mlèsèdipoen. Mila prajogi pitaja dateng kakijatananipoen pijambak, Sinten ingkang roemaos saged manawi linampahan kanti temen-temen, temtoe ing woesananipoen inggih saged saèstoe. Kosok-wangsoelipoen ingkang roemaos boten saged, anggènipoen ngajati pandamelan sampoen boten mantep, manahipoen kirang madjeng sarta tindakipoen mangoe-mangoe, dadosipoen inggih boten saged saèstoe. Sinten ingkang boeng pedes. Sw.T. ngriki dipoendojongaken! Troes malih *P.A.P.I...* Makaten saladjengipoen anggèn koela mondang-manding, koela wongsal-wangsoeli, angsal-angsalanipoen sami kémawon inggih poenika: wontenipoen seratan ing djanget kalijan Sw.T. namoeng noengil misah kémawon. Inggih leres wonten temboengipoen satoenggal kalih ingkang béda, naning katah saminipoen. Poenapa boten wonten bédanipoen? Inggih sok wonten oekaranipoen ingkang béda, terkadang ing Sw. T. boten wonten ing djanget wonten, makaten sawangsoelipoen, nanging inggih namoeng sakedik sanget. Dalasan panoetoekipoen kémawon inggih mèh sami. Malah seratanipoen kémawon ingkang panggènan djanget dipoenkandelaken ing Sw.T. dojong oetawi arang nganggé aksara moerda. Nitik poenika Sw. T. lan djanget sadjak-sadjakipoen noenggil djinis, nanging koela boten poeroen (gelem, willen) netepaken jèn ingkang njerat poenika prijantoen satoenggal awit tèkenipoen boten sami. Ingkang djanget Pakné Soe, Sw. T. Rud. Rad. Joso. Dados boten sami.

Doemoegi samanten kados sampoen tjekap anggèn koela manding Sw.T. kalijan djanget déné jèn meksa kirang marem koela atoeri manding pijambak. Ananging para maos temtoe sampoen saged mastani jèn wosipoen nempoeh dateng sadèrèk Pramila.

Sapoenika badé koela lairaken anggèn koela njaroewé. Ingkang badé koela saroewé sanès isinipoen, nanging tindak tradjangipoen sadèrèk Pakné Soe, Semarang, déné kamipoeroen medal saking kalangan Katholiek, kalangan ing riki kalangan paben. Menawi tijang Katholiek paben kalijan sami Katholiek wonten ing serat kabar sanès Katholiek poenika kados poendi? *) Saé poenapa awon katingalipoen? **) Lan angsal-angsalanipoen kados-poendi? Jèn tijang Katholiek paben poenika pantesipoen rak wonten ing Sw.T. wonten ing kalanganipoen pijambak, dados boten saroe, toer mangké wonten ingkang ngleresaken.; wonten ingkang badé moetoesi paring leleresan, nedahaken poendi ingkang leres, poendi ingkang lepat. Sareng wonten ing djawi? Bingah ingkang boten remen! Ngeploki, njokoeraken jèn golongan Katholiek saged petjah. Mila manawi sadèrèk Pakné Soe. pantjèn satrija Katholiek saèstoe, sampoen ngaping kalih nempoeh saking djawi koela atoeri medal mergi leres. Déné anggèn koela njaroewé poenika sampoen koela sabaraken sanget, koela ngentosi wangsoelanipoen Mas Pramila wonten Sw. T. ngriki, nanging kok dèrèng-dèrèng medal. Sadjakipoen Mas Pr. boten maos djanget. Poenapa boten dipoenkintoeni? Saja memelas sanget.

Sapoenika koela njoewoen priksa dateng Rama Redactie; poenapa sampoen naté tampi kintoenanipoen sadèrèk pakné Soe ingkang woedjoed Hudson auto Lux.... ingkang kaseboet wonten ing djanget katja 219***) Jèn dèrèng saja memelasi sanget malih! Déné koela waoe inggih namoeng kepéngin, jèn woedjoed seratan inggih namoeng badé koela waos ladjeng koela sèlèhaken sampoen boten badé poenapa-poenapa.

Wasana minangka panoetoeping atoer koela, koela gadah panoewoen dateng para prijantoen Katholiek ingkang njerat wonten ing serat kabar sanès-Katholiek soepados ngatos-atos sanget, sampoen ngantos damel pitoenaning golongan Katholiek.

Ki Demang Patangpoeloehan.

---

*) Boten mrawira! Red.

**) Wedi-rahi. Red.

***) Dèrèng! Red.

Menggah pamanggihing Garèng bab tjoendoekipoen pantalon lan rok.

(*Teroesipoen*).

Oetawa manèh, sédjé panggonan wong-wongé ja gèsèh moenggoeh padatané oetawa kahananè. Batawi gèsèh karo Soerabaja, Soerabaja gèsèh karo Menado, Menado gèsèh karo Padang. Lagi Ngajodja wé karo Solo gèsèh. Moenggoeh ora ana papan lijané gedjaba Ngajodja, Solo, oetawa doh-dohé Kedoe, akoe moepakat banget karo mbakjoe E. Wr. Nanging sarèhné wong Djawa soemrambah tekan ngendi-endi, dadi akoe ja rada akoer setitik. Saiki ing Pasoendan waé keprijé, loewih-loewih ing Batawi. Akoe doeroeng taoe weroeh goeroe H. I. S. sing nganggo sandangan Djawa. Moerid-moeridé nèk diwoelang wong Djawa, ora pada wedi, ora pada mredoeli, tjekaké ora pada ngrèwès. La dadi goeroe, ora diloeloeti moerid, ora diwedèni moerid, tenèh ja ora bisa toeroe kepénak. Nanging nèk kowé nganggo pantalon mesa katjèk.

P: Apa moerid-moeridé sing diwedèni lan sing diloeloeti katoké?

G: Ja, emboeh ja, nèk semoené kok ija. Akoe ja goemoen banget.

P: La koempoelan ikoe liré apa?

G: Ora mesti ta wong ki sing dikoempoeli bangsané déwé. Lo koewi wektoe saiki lo, emboeh mbésoek jèn Indonesia wis bisa madeg déwé, mbokmanawa anak-anak, poetoekoe pada menangi, ora ana koempoelané lija kedjaba Indonesiers. Nanging saiki doeroeng tekan samono. Nang kantor basbasmoe Landa-Landa, ja ora kètang godong, ning Landa. Jèn pinoedjoe boebar kantor, sèwoe sidji lo nèk ana sing gelem kok adjak bareng mlakoe, jèn kowé pakéjan Djawa. Kowé roemangsa disingkoer males njingkoeri, temahan bandjoer kowé disengiti karo basmoe. Tenèh setengah mati, kowé nèk arep golèk promotie; malah jèn koerang bedja awakmoe, kowé dibezuinig. Wong Djawa wis disengiti, gèk ana djalarané kang kaja ngono, tenèh tansaja digawé lara. Ana manèh, akoe bijèk dèk dadi studèn, kerep waé diadjak oegal-oegalan karo kantjakoe sinjo-sinjo, diadjak bengok-bengok oeroet loeroeng, didjak mleboe waroeng saantéro. Nèk akoe pakéjan Djawa, mbok ja diopahi sèwoe nèk gelem, tenèh ja éman-éman iketé. Nèk akoe pantalonan sakkarepmoe, djandji adja loewih saka ngekat. Kosok-baliné ja mengkono. Oepáma kowé dadi abdi dalem kraton Ngajodja oetawa Solo, nganggo pantalon, tenèh ja digegoejoe pitik. Dadi kabèh maoe koedoe angon barang teloe ikoe.

P: Tjok ngonoa, prijaji-prijaji poetri Indonesia ja kena nganggo rok, tekan ndoewoer dengkoel, lengenané moeng noetoepi poendak setitik, nganggo sepatoe, djindjité tekan langit, boekoengan lan lija-lijané tjekakané maris, ta wis.

G: La jèn koewi ora moelih nalaré babar pisan. Emboeh jèn mbésoek koewolak-koewaliké djaman, wong wadon sing golèk pangan, sing mloempat-mloempat galengan, nasak-nasak alas, nglakokaké montor, wong lanang kang ana ngomah olah-olah. La koewi mbokmanawa Garèng bisa moepakat. Nanging saiki poetri Indonesia doeroeng tekan sakmono. Lo, adja kliroe tampa lo, akoe ora ngala-ala wong wadon, mengko kowé ki teroes serik hati. Saiki Garèng doewé pitakon genti.

Apik endi, wong wadon maris, apa wong lanang mantalon?

P: Ja, ora apik kabèh.

G: La koewi kowé rak ora mangsoeli pitakonkoe. Padané botjah ditakoni. Djenengmoe sapa? Oemoer koela 13.

Tjoba wangsoelana???

Napoleon.

Roepak temen djagad poenika.

Oréhanipoen Mas Pramila babagan djaman menden P. mila ramé sanget ndjalari raméning djagad koran-koran Djawi! Pangapoenten jèn Wa, landi lan Mladjeng toewin Tjina!? Para maos kados boten badé kekilapan jèn sadèrèk Pr. kinroeboet saking poendi-poendi. Kados poenapa soewaraning koran. Malah wonten ing padjagongan kémawon Mas Pr. oegi kanggé patjitan. Sadaja^2 waoe menawi mapan, maton, kanti nalar kémawon boten dados poenapa, nanging manawi wonten ingkang nasar, ngawoer, moerang tata, poenika koela sengit sanget. Saking panoewoen koela, para sadèrèk! manawi badé nanggapi oetawi ngrembag koela atoeri ingkang dalan saèstoe. Ingriki saleresipoen koela boten badé toemoet tjampoer rembag prakawis babagan P. Namoeng badé merangi patrap ingkang kirang leres! Sanadjan rembagipoen leres, nanging jèn patrapipoen kirang saé, agengipoen moerang tata, poenika asring nöewoehaken indruk ingkang kirang saé, langkoeng-langkoeng toemrap ingkang kataman. Mila sadaja kémawon, sanget ing panoewoen koela, sampoen sami nilar pranatan, inggih sakedik éding, mong-ingemong, samad-sinamadan, toeroet-tinoeroetan. Sadaja kedah ènget-ingèngetaken. Temtoe kémawon kedah mawi temboeng ingkang sakétja, patrap ingkang patoet, moerih sampoen ngantos damel tatoening manah. Sanadjan namoeng temboeng saketjap kita kedah ngatos-atos sanget panganggénipoen, langkoeng-langkoeng wonten ing koran, awit ingkang maos boten saged mireng oetawi soemerep dateng panjerat, ingkang dipoensoemerepi namoeng seratan. Ingkang makaten poenika tamtoe gampil sanget anggènipoen klèntoe tampi. Mila kedah kaatos-atos sanget anggènipoen namakaken temboeng. Jèn koela sawang Sw. T. — jèn koela boten klèntoe kerep ngedalaken temboeng ingkang pedes-pedes inggih toemrap ngriki oetawi ngrika. Ingkang poenika kedah dipoensirep, ginantos ingkang saé. Sanadjan badéa moering oetawi oesoel inggih kedah ingkang sakétja dipoenmirengaken. Inggih leres boten sadaja tijang saged, nanging toch tijang saged ngarah-arah ngirih-irih.

Boten sapisan kaping kalih koela kapapag tijang ingkang ngojak-ojak soepados dipoentedahaken ingkang asesinglon poen: Pramila, Patjar Mérah, Arja Damar enz. Lah inggih kados makaten poenika sadèrèk ingkang koela wastani moerang tata, menawi wonten ingkang kami poeroen mblakakaken langkoeng-langkoeng jèn wonten ing koran oetawi oemoem. Sanadjan wontena poendi-poendi boten kénging. Sanadjan namoeng ngira (nginten-inten) poenika oegi boten kénging, awit badé damel kalintoe tampining sadèrèk katah. Ingkang koela goemoeni malih poenika ingkang madosi poenika, poenapa badé kanggé poenapa ta? Anggènipoen boten poeroen ngatingal poenika rak wonten perloenipoen toemrap ngrika, lha bok inggih kadjengipoen. Jèn kita rak boten betah namanipoen, ingkang preloe poenika rak rembagipoen, sanès tijang oetawi namanipoen. Dados waton rembagipoen saé kémawon rak sampoen boten soesah kènèh-kènèh. Mesakaken sanget jèn wonten tijang ingkang taksih mawang dateng nama poenika; ngantos kesoepèn ngrembag wosing rembag.

Lan saoepami wonten ingkang sampoen mangertos dateng ingkang sesinglon poenika koela atoeri ingkang ngatos-atos sampoen ngantos katroetjoet, awit poenika ageng bebajanipoen.

Wasana sanadjan atoer koela poenika namoeng sapala, kénginga kanggé pènget, sampoen ngantos keladjeng-ladjeng ngedalaken temboeng ingkang anget, pedes lan sampoen ngantos kirang wewéka mbikak wadosing nama sesinglon, sanadjan badé mabeni inggih soemangga sampoen ndadak madosi tijangipoen barang, oetawi mawang tijang, jèn badé poenapa-poenapa, ngèngetana rembagipoen kémawon, sampoen njimpang ing margi leres, mindak ladjeng santoen dadakan.

Noewoen

SOE-TÉDJA.

SAKING KALANGAN KITA.

Parepatan K. W. Ngajogjakarta.

Nalika tanggal 13 April 1929 K.W. Ngajogjakarta ngwontenaken parepatan warga wonten ing gedong K.S.B. Kotabaroe, mawi ngoelemi para pangrèhing pakempalan Katholiek Djawi ing Ngajogjakarta i.p. P. P. K.D., Pangroekti-laja, Wanita-Katholiek, St. Jozef-bond, St. Jozefvereeniging toewin Moeda Katholiek.

Djam 6 langkoeng sakedik parepatan katapoekaken déning pangarsa sadèrèk R.C. Soegiri. Sasampoenipoen pangarsa ngatoeraken soegeng rawoeh dateng sadaja ingkang sami lenggah, langkoeng-langkoeng dateng sadèrèk propagandist kekalih saking Moentilan inggih poenika sad. J. Darmaatmadja lan R.M. Soerja Moersandi, ingkang sami badé sesorah bab adeging Priesterfonds, parepatan kabikak mawi tata-tjara Katholiek.

Panitra ladjeng maos parepatan kapengker, teroes kaabsahaken.

Babagan pekabaran: pangarsa tampi serat saking sadèrèk Martama tilas penningmeester K. W. ingkang kapindah ing Djebet (Pemalang), wosipoen njoewoen pamit déné roemijin mangkatipoen sarwa kasesa. Kedjawi poenika taksih wonten pekabaran, bilih pakempalanipoen para Welandi Katholiek badé sami mahargja bab Romeinsche kwestie. Gandèng kalijan poenika K.W. ladjeng adjak-adjak mbangoen comité kalijan para wewakiling pakempalan-pakempalan Katholiek sanèsipoen, ingkang toedjoenipoen oegi badé damel pahargjan bab Romeinsche kwestie poenika. Déné doemawahing pahargjan waoe badé wonten ing dinten Ngahad 28 April 1929. Sasampoenipoen sadaja roedjoek, agenda kateroesaken ngrembag verslag saking P. K. W. Rèhning verslag poenika sampoen kawrat kanti pandjang-apoendjoeng wonten ing Swara-Tama, dados boten soesah kawaos.

Sadèrèk J. Darmaatmadja, warganing Comite Priesterfonds saking Moentilan ladjeng miwiti sesorah bab adeging fonds waoe. Menggah toedjoenipoen kénging kapérang dados kalih i.p. I toemoet ndjembaraken kraton Dalem, sarana mitoeloengi missie, lankoeng-langkoeng para wereldgeestelijken; II ndjagi wiloedjenging anak-poetoe koela sadaja sarana ngwontenaken studiefonds. Bab poenika poenapa déné toemindakipoen katerangaken déning sadèrèk propagandist kanti tlesih. Sareng sadaja sampoen terang, sarta pitakènan^2 sampoen kawangsoelan satjekapipoen, ladjeng wonten sadèrèk ±20 ingkang sagah dados warga. Namoeng sakedik ingkang dados tjoewaning para sadèrèk propagandist kekalih waoe, déné ingkang dateng ing parepatan namoeng sakedik, boten kados pengadjeng-adjengipoen sadèrèk waoe, mila manawi saged bab poenika badé dipoenkaping kalihi.

Wasana teksih wonten pitakènan sawetawis toemrap K. W. pijambak. a. Sarèhning dinten Rebo bakda minggoe kaping kalih sasampoenipoen Paskah ngleresi dinten pangènget-ènget Santo Joesoep djoemeneng pangajoman, poenapa K. W. badé kèndel kémawon! b. Kadospoendi kawontenanipoen Jeugdorganisatie?

Sasampoenipoen pitakènan sadaja kawangsoelan satjekapipoen, kinten-kinten djam 8 parepatan katoetoep sarana ngloehoeraken Asma Dalem.

Djoeroe mèngeti

J. S. Padmawijata.

Procesverbaal.

Koela tijang tetiga sad. Darmawardaia, Soeparman kalijan Adipidjana warga verificatie commissie ingkang katetepaken déning Poesara Katholieka Wandawa, nalika tanggal 23/2-1929 sampoen mriksa kawontenan lan arta gadahanipoen Roekti Woeri. Menggah kawontenanipoen kados ing ngandap poenika:

Kasrekening	f	4,10^5
N.I. Escompto Kassiersrekening:	f	500,—
N.I. „ Deposito	f	590,—
Zegelwaarden	f	44,—
Gg. jatra gadahanipoen Roekti Woeri	f	1138,10^5

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

1. Djoemedoeling hormat-circulaire jasanipoen ingkang Boepati Prabalingga, saèstoe anggondjingaken djagad pasrawoengan Noeswantara. Langkoeng-langkoeng ing kalanganipoen kolot kalijan moeda.

Kabekta saking ébahing djaman, djagad Indonesijah kénging koela temboengaken petjah dados kalih: kolot kalijan moeda. Sarta oegi sampoen sineksèn, bilih pasrawoengan Indija ingkang katah kagolong kaoem moeda. Dados, wontening hormat-circulaire waoe nama angenggèni djamanipoen. Ateges: Ingkang Boepati ananggapi pandjeritipoen kaoem moeda.

Ing ngriki koela boten badé ngatoeraken awon saéning sèrkoelèr waoe. Koela jakin: badéja makaten-makaten pasrawoengan ing ngriki temtoe karegem sang modernisme. Kaoem kolot *kepeksa* boten saged bangga! déning kèsisan bala.

Kepeksa! atoer koela. Poenika boten ateges: kaoem kolot mila kawon! Boten ateges: sadaja gagrag énggal saé! Ambak-ambak sapoenika djamanipoen kaoem moeda, éwadéné koela boten lila sanget manawi wonten sadèrèk Katholiek Djawi madjeng nampèni Panoenggal Soetji boten mawi njopot selop oetawi sandalipoen! (Lo kadjawi ta ingkang matjak tjara Walandi makaten!) Boten seneng manawi Grédja ingkang mligi kanggé gotrah Katholiek Djawi mawi dipoensoekani koersi oetawi djèngkèngan.

Nitik glagadipoen, tata-krama Djawi poenika badé saged itjal saking madyaning pasrawoengan.

Ing ngrikoe, Pasamoewan Soetji badé kaseksèn malih jèn njata djoemeneng pagedonganing *kaboedajan* kina. (dédé kaboedidajan).

Djer, béndjing jèn ing poendi-poendi sampoen boten wonten sembah, ing salebeting Grédja Djawi Katholiek, taksih wonten tijang Djawi (Katholiek) njembah.

Nitik kawontenan sapoenika kémawon, poendi wonten pakempalan parepatan mawi basa Djawi? Mèh boten wonten! kadjawi pakempalanipoen gotrah Katholiek Djawi!

Mangga dipoentitosi kémawon!

2. TAMTAMA, serat woelanan mligi ngewrat preloe rohani, ingkang nomer 4 poenika, njarijosaken: lenggananipoen sampoen wonten 1000. (Sokoer! Moegi saja madjeng!) Redactie anggadahi pangadjeng-adjeng soepados saben grija Katholiek kalebetan „Tamtama”.

Saking pangoeroesipoen, koela dipoensandjangi naté wonten prijantoen goeroe Katholiek dipoentawèni Tamtama. Wangsoelanipoen: boten poeroen; margi, Tamtama poenika namoeng Djawi. Temtoe boten ngawonaken Om Hoog oetawi Het Schild ingkang tjara Walandi! Djer ingkang ngarang wonten ngrikoe katah Mr. Dr.-ipoen!

Koela jakin, ingkang dipoenwada makaten poenika, boten namoeng Tamtama! Sw. Tm. oegi!!

Mireng ingkang makaten waoe, ing batos namoeng goemoen! Goemoen déné sampoen samanten anggènipoen boten gadah kapitajan dateng Djawi! Goemoen déné samanten anggènipoen njapèlèkaken jajasan Djawi pijambak!

Andèkpoena oemoekipoen: akoe tresna karo bangsakoe! Akoe arep ngadjokaké bangsa Djawa! Akoe ngadjokaké gotrah Katholiek Djawa!

Toer..... ingkang moengel makaten waoe, dèrèng kantenan manawi mateng basa Walandi.

Jèn katjoendoekaken kalijan no. 1, ing ngriki ladjeng terang: golongan Katholiek Djawi inggih wonten ingkang boten andjawèni! Ingkang makaten waoe boten kénging pinabenan. Djer, njebal patokan poenika temtoe wonten!

3. Satoenggiling prijantoen sepoeh soegih koepija kintoen serat koela, katitimangsan 11 April 1929. Soeraosipoen serat gegajoetan kalijan kawontenan ing dalem gesang sasrawoengan: ingkang diplomanipoen langkoeng inggil kerep njapèlèkaken ingkang adiploma sangandapipoen.

Pamanah koela, isining serat waoen migoenani oegi dateng ngakatah. Mila, koela petik wonten ngriki. .:.....Makaten:

Apa-apa diploma! Diploma ikoe rak moeng kertas pratanda! Pantjèn saiki ja moela akèh wong pada moendi-moendi marang kertas. Ja bener wong sok boetoeh marang diploma oet. verklaring. Nanging rak ora kon gawé oenjal-oenjalan mengkono! Mara djadjal takonana: Edison olèhé sekolah pirang sasi, weton lan oleh diploma kadi Universiteit ngendi?

Apa bésoek diplomané bakal kena kanggo patoeran ana ngarsa Dalem Goesti sing bakal ngadili bésoek?

Nalika djaman stakingan, ana insinjoer weton pamoelangan loehoer nglakokaké Locomotief. Géné ja kok malah ngglimpang, kalah karo machinist sing ongediplomeerd, ngèdjèg tekan enggon sing disedya. Iki, tolé, kena kanggo tepa toelada, marang sing oempak-oempakan karepé arep ngepak-epak ngeloes-eloes boetaké si bapak.

Apa djamaké saiki angger pinter satitik baé bandjoer nratjak ngitjak-itjak?

Ja koewi ora ngèlingi jèn manoengsa kenaning lali lan loepoet, ora adoh kadi pakéwoeh goda rentjana sambé kala ing sadina-dina.

Diploma! diploma! moeng sawidjining pratanda. Bisané moeng ngorok, djamoeren, ning sok *gawé mendem.*

Sing dadi ikoe: pikiran, karep, ati lan dojan marang kangélan sing oetama lan moerakabi.

Terkadang sing ngepak maoe, bisané moeng plentas-plentoes, ketepas-ketepoes, ning babar pisan ora petjoes. Bededang-bededeng dlédar-dlèdèr njangking wiron, ngeloes wiron lan kemada, ning doeroeng karoewan tè.... jèèèèèèng!

Dadi olèhé pada pating ketoplak djangkahé 7 pos kawi moeng arep digawé ngepak angitjak-itjak? Rak doedoe menoes ané jèn ngono! „ . . . . ”.

Pandan Wangi 20 April 1929.

Taklim: Patjar Mérah.

CORRESPONDENTIE.

Herc. (E...) — sampoen maos D. K. 17 April 3de blad lan De Tijd 13 Maart 1929 oegi 3de dl? (katah ingkang boten doemoegi).

Sa-K. (Samb.) — tjemeti semelèt, nanging ondergrond Sw. Tm. boten saged ndèrèk.

S- (Sam. seg.) toewin Bajoewara. (Kat. Dim.) — koela timbang roemijin.

H- (Lib.) — poenapa boten prajogi ngagem margi „nglèbèt”! tijang rembag lan tijang sepoeh, ta, noen!

Sa-K. (Aw.!-Aw.!) — adjrih panoetoep pandjenengan; toer: S.K. No. 1, katja 2, Iste bl. ngandap kol. 1, tjéntangan Red., oetawi No. 4. Iste bl. katja 1 lan 2. kados sampoen tjeta standpunt P.P.K.D. bab poenika.

L.S.K. (Karctr.), toewin Mevr. Boené T., woelan wingking achter elkaar.

K. W. Dk. — sajang!

K. Gw. — kasèp; oepami botena, inggih meksa njoewoen sabar, djer sasaged-saged oeroet katjang.

Katrangan.

Njoewoen priksa:

Sadèrèk Tjakrasoedira, Solo, sapoenika wonten poendi?

Sad. H. S. Sastrswn. Solo, Kados-poendi adrèsipoen sad. M. J.

R. Hadisoeganda? Koela adrèsi: Setabelan Solo. boten doemoegi!

Sad. No. 499 — inggih, ta, sampoen; dienggo medot tali!

Zegge. Sèwoe satoes tigang dasa woloe roepijah petak saketip sabribil.

Kadamel wonten ngadjengipoen pangroekti arta. Roekti Woeri wonten ing Ngajogjakarta tanggal kaping 18 Maart 1929.

Pangroekti arta Roekti Woeri

M. P. Soemandar.

Warga verificatie Commissie

V. Darmawardaia.

L. J. Adipidjana.

F. X. Soeparman.

Ngatoeri, priksa, bilih kala dinten Kemis Pon, tanggal 12 April 1929, koela kekalih pinaringan momongan èstri, kanti wiloedjeng. Koela namakaken **Maria Sri Hartati.**

H. Sadarijah }
R. Soeparna } **Héndrawarsita.**

Katambahan banda momongan djaler, koela namani:

J. B. ADISOESILA

J. Oemar Adisoewignia
Gondang Lipoera.
16/4-'29.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }
Nitjil kénging! – Kentjèng soekoer!
GAZELLE HUIS – ROEMAH GIDANG
MALIOBORO – DJOKJA – TELF. 508.

KALAU BELI OBAT-OBAT
mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.
DJOKJA DJOKJA
Obat-obat keloearan roemah^2 obat
MALIOBORO „RATHKAMP" MALIOBORO
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap
DJOKJA „RATHKAMP" DJOKJA
tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP" dan „ERCEE"
DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

HANDEL IN BOUWMATERIAAL
ALS:
KALK DJATIHOUT, OESOEK, BAK- EN KALISTEENEN
TEVENS IN
HOUTSKOOL EN BRANDHOUT
H. J. SAMPAK
GAMPING DK.
OF P/a R. PRAWIRODIDJOJO
Opn. sf. Mertajoedan – MAGELANG.

M. v. BIENE.
Toekang herlodji dan Toekang emas.
Adres jang moerah
DJOKJA Telf. 252 BANDOENG Telf. 226
boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.
Pemabtja SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran Swara Tama
dapat POTONGAN.

WIDADANING
PRIESTERFONDS
nedahaken bilih kita mangertos dateng wadjib lan sesanggèn kita pijambak.

TOKO H. SPIEGEL MALIOBORO 17 DJOCJA.
MAGAZIJN VAN
LUXE- en HUISHOUDELIJKE ARTIKELEN
KINDERWAGENS – SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED
THEESERVIEZEN, 16 deelig . . . . . . f 5,75
GASOLINE-LAMPEN. . . . . f 12,50

HEEL DE ARCHIPEL LEEST DE KOERIER
EENIG R. K. DAGBLAD IN NED.-INDIË

Retraite kanggé para prijantoen poetri ing taoen poenika, wiwit tanggal 20 Mei doemoegi tanggal 24. Sinten ingkang badé ngresakaken ndèrèk retraite dipoenatoeri kintoen kabar sadèrèngipoen tanggal 15 Mei. Serat kedah kaatoeraken dateng Overste, Moeder Odrada, ing Mendoet.

Déné kanggé wragading retraite manoet ingkang sampoen-sampoen inggih poenika f 3.-

Zusters Franciscanessen
Mendoet bij Magelang.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30-8.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6-7-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7-9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6-8.30.	Tegal	7.30-9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
„ Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7-9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30-8.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Soekaboemi	6-7.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad.
2) 1e. + 3e. Achad.
3) 2e. Achad.
4) 1e. Achad tiap^2 doea boelan.
5) 1e., 2e., 4e. Achad.
6) 2e., 4e. Achad.
7) 3e. Achad.
8) 4e. Achad.

Krans Wanita Katholiek D.K.

Soerja kaping 18-4-'29 wonten dalemipoen sadèrèk V. Rakinah Bintaran Lor. Ingkang rawoeh sadèrèk poetri 24 sadèrèk kakoeng 2.

Djam $5^1/_2$ parepatan kabikak.

Ingkang karembag:

I. Bab oelem^2 saking P.P.I. anggènipoen badé ngémoet-émoet sang kalokèng rat R. A. Kartini, béndjing 21 April.

II. Oelem^2 saking K.W. ingkang sampoen ngedegaken comité kanggé nglairaken manahipoen gotrah Kath, déné Kangdjeng Santo Rama sampoen loewar saking reribed (Romeinsche kwestie).

III. Manawi badé wonten woelangan handwerk dipoenwara-warakaken wonten ing Centraal-Katholik.

IV. Bab pagladèn sesorah, pendak Ngahad kaping 2 toewin kaping 4, wiwitipoen djam $6^1/_2$ sonten.

Ingkang sagah toemoet prijantoen 15.

V. Béndjing manawi wonten retraite para warganing W. K. sami merlokna tindak.

VI. Gezellige bijeenkomst dipoendawahaken dinten Ngahad, wonten dalemipoen mevr. Padmawijata. Botrépotipoen kapasrahaken Pangrèh.

VII. Sadèrèk Soekarna oesoel, soepados jèn parepatan mawi adat Kath. Sadèrèngipoen parepatan katoetoep sadèrèk V. Rakinah ngatoeraken sagoenging panoewoen dateng para ingkang sami rawoeh.

Djam 7 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Djokja 20-4-'29 Taklim

Panitra krans W. K.
Justien S. G. R.

Tamtoe loehoer ing tanah kedjawèn.

Kangdjeng Toewan Besar ingkang witjaksana Goepernoer Djéndral Pasquir rawoeh ing nagari Soerakarta nalika tanggal kaping 16 April 1929 wantji djam 5 sonten. Ingkang mangajoe bagya wonten ing dalem Goepernoeran, kadjawi ingkang kagoengan dalem para pangrèh pradja, lan toewan mil, komandan, Kangdjeng goesti Pangéran Hadipati Harja Mangkoenagara VII lan Papatih dalem Kangdjeng Soenan minangka soesoelih dalem. Roemijinipoen rawoeh ing dalem Kamangkoenegaran, woesana dateng kraton. Ingkang kaagem Kangdjeng toewan besar titijan dalem karéta kentjana. Wonten ing kemandoengan sampoen pinapag para Pangéran, ladjeng wonten ing Sasana Séwaka Kapetoekaken sampéjan dalem kangdjeng Soenan.

Wonten ing kraton kinoermatan beksan bedaja lan srimpi, saha dahar pista.

Sampéjan dalem Kangdjeng Soenan tampi saking Kandjeng toewan Besar medali Grootkruis van den Dubbelen draak van Annam. Déné Kangdjeng Goesti Pangéran Hadipati Harja Mangkoenagara VII lan Kangdjeng toewan Goepernoer sami tampi Het commandeurkruis van die orde.

Sampéjan dalem Kangdjeng Soenan gentos misoengsoeng aroepi wangkingan kalih idji lan pandjenengan mawi garan gading rinengga ing barléan winangoen ing aksara P. B. X.

Soerja kaping 17 rawoeh ing Ngajodja, nanging mampir mriksani tjandi Prambanan roemijin. Sadèrèngipoen rawoeh ing Pakoealaman saha ing gedaton mriksani tjandi Baraboedoer roemijin.

Panampi saha pakoermatan wonten ing Ngajodja sami kados déné nalika wonten ing Solo. Wonten ing Pakoealaman Kangdjeng toewan Besar maringi medali Cravatte du Commandeur de 1;Etile d' Anjouan et des Comores dateng KangdjengGoesti Pangéran Hadi Pati Harja Pakoealam VII. Kangdjeng Goesti gentos njaosi pisoengsoeng roepi tlekem wadah sosotya saking penjoe sineloet salaka rinengga ing gambbar dalem sagarwa poetra.

Panampinipoen wonten ing kraton Jodja sami kados nalika wonten ing Solo, sarta mawi koendisi kanggé Srimaha Radja, Toewan Besar, Toewan Goepernoer, Ingbang Sinoewoen sapitoeroetipoen.

V.

Saking Ngajodja.

1. Balé pertemoean.

Sampoen ragi wonten setengah woelan poenika, para warganing pakempalan P.P.P.K.I. sectie Ngajodja ngawontenaken: Bondsgebouw., njéwa grija no. 2 ing: Lodjiketjil, sawétan bètèng: Vredeburg, kanamakaken kados ingkang sampoen katjeta ing nginggil, perloe kanggé njadijani sadaja pakempalan kabangsan manawi pinoedjoe: vergadering lsp.

Inggih moegi^2 sageda katjepeng poenapa toedjoenipoen, lan sageda ngindakaken njoepeketaken sadèrèkan, madjeng sahijeg—oeger kémawon boten blawoer ing pamawas bokbilih wonten bledoeging margi.

2. Pengadjaran ra'jat-Volksuniversiteit.

Poenika inggih jasan énggal ingkang ing soewaoe katjepeng pakempalan: Pemoeda Indonesia.

Ing sapoenika tebanipoen kawijaraken, dipoenpramoegarèni pangarsaning: Balé pertemoean, i. p. Mr. Ali Sastraamidjaja.

Ingkang kawoelangaken:

a. Ilmoe oemoem: sociale wetenschappen, economie, babad, ilmoe pendidikan, lan Hygiëne.

b. Basa: Walandi-Indonésia lan Inggris.

c. Koersoes a. b. c. — kados Xav. Bond. Moentilan, oetawi sekolah a. b. c. zusteran Ngajodja.

Kanggé ilmoe oemoem poenika manawi dados lid „Pengadjaran ra'jat", lid loear biasa, oetawi donateur boten soesah ambajar, déné tijang sanès ambajar f 0.50.

Déné basa, manawi lid, lid loear biasa oetawi donateur ambajar f 0.50 sanèsipoen f 1.—.

Sadaja waoe saben vak satoenggal.

Panggénan sinaoe, koersoes a. b. c. ing kampoeng. Sanèsipoen dèrèng temtoe, sapoenika taksih wonten ing: balé.

Goeroe-goeroe: Mr. Ali, Dr. Soekiman, Ir. Soemani, K. H. Déwantara, Soewandi, Soegeng, Soekèmi.

Inggih, moegi-moegi ngedalna woh ingkang timbang lan anggènipoen sami dana sarira.

Manawi koela: Kita inggih gadah „Pengadjaran ra'jat" — nalika kita taksih wonten „Moentilan."?

Nanging éman déné teka boten katampi, rak inggih ta? Panginten koela, saé, manawi para K.W. poenika damela makaten, rak inggih kober ta?*) kita boten namoeng badé mengadjar, nanging oegi: „mendidik kebatinan ra'jat" rak inggih ta? *Ki-Gowong.*

---

*) Samanten waoe manawi boten kagoengan sambèn pandamelan sanès.

ATOER OENINGA.

Ngatoeri priksa dateng para lengganan, para Adverteerders toewin para Redacteur ingkang lintonan (ruilnummer) kalijan serat kabar poenika, wiwit sapoenika manawi wonten ingkang dèrèng tampi Sw. Tm. oetawi Soeara Katholiek ing saminggoe-minggoenipoen, moegi—amrih rantjagipoen—troes karsaa énggal-énggal maringi priksa dateng Expediteur, boten dateng Moentilan, soepados sampoen ngantos katjoewan. Anamoeng njoewoen priksa lengganan nomer pinten sarta adrèsipoen njoewoen ingkang terang, temtoe ladjeng badé teroes kakintoenan. Serat seregan kasoewoen lat-latipoen dinten Slasa. Déné manawi badé miterang, kaadrèsana dateng Expediteur:

R. M. C. S. Atmopontjosoedirdjo
p/a Drukkerij „Canisius"
Kampementstr. (Djokja).

Katrangan saking Corrector.

Ing Sw. T. No. 13 wiwitaning Corresp. doemoegi oekara „Aloes, èh .... engko!!" poenika karanganipoen Sad. Pramila pérangan I, atitel „Correspondentie", koela wastani Rama Red. klintoe anggènipoen ndjèdjèr tjalon isining Sw. T. kaseboet, lan sarèhné Moentilan tebih saking Dk, mangka wekdal sampoen boten kantos, karangan koela papanaken panggénan lepat poenika; ngertos koela lepat sareng dipoendoekani. Boten langkoeng njadang pangaksamanipoen Redactie toewin pamaos Sw. T. sadaja. Ing tembé badé koela atos-atos sanget.

Corrector.